



Автор: Edward Hughes
Иллюстраци йина: Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Гочдар: www.christian-translation.com
Адаптаци йина: M. Maillot; Tammy S.



Истори 60-х 2

**M1914.org**

**Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada**



Лицензи: хьан копировать ян я зорбане яккха бакъо ю,
нагахь санна и копи йохка новкъа ца яьккхинехь.












Адамийн сингаттам д1аболабалар

Делан Дашца истории, Библи

чохь ю

Хилам 3-6

"Хьан дешнех бакъдерг кхетаме ду."
Псалом 119:130











Далла хаьа вай деш долу вон х1уманаш.
Цо царех къа олу. Диначу къина бекхам-1ожалла ю.

Далла Шена оццула дукхадезарна, вайна жа1ари т1ехь валийта а, вайн къинош таккхийта шен к1ант 1иса ваийтина. 1иса сама а ваьлла стигала хьалавахана. Х1инца Дала вайн къинош гечдан тарло.

Хьайна хьайн къинош гечдойла лаахь Деле х1ара ала: Хьомсара Дела, со теша 1иса суна хьалхара вала а велла, стигала хьалавахана хиларх а, ткъа хьинца иза дийна хиларх а. Доьха хьоьга, сан дахаре а волий, гечдехьа суна сан къинош. Сан керла дахар хилийта ахь х1инца а, юха т1аккха азаллехь Хьоьца а. Г1о дехьа суна Хьайн Бера санна ваха. Амин.

Библи йоьшуш, х1ора дийнахь Делаца хилалаш!

Chechen


“Дала х1ора дитт т1ера стом кхалла ца магийна хьуна?” хьаттина Хьавага лаьхьано. “Тхо х1ора а дитт т1ера стом баа йиш йолуш ду, цхьаъ боцург”-жоп делла цо. “Шу лийра дац”-белабелира лаьхьа. “Шу Деланаш санна хира ма ду”. Хьвана чам баккха лиира цу дутта т1ера стоьман. Цо лаьхьано аьллариг а дина кхьаллира и стом.
3
Деле ла а ца дуг1уш, Хьавас Адаме а кхаллийтира стом. Адама “Х1ан-х1а, ас Делан Дош дохора дац” - ала дезаш хиллера.
4
Адам, Хьава а шаьш къалатийначулла т1аьхьа кхийтира шаьш берзина буй. Шайна инжиран г1аш т1е а хьарчиийна Делана гучура коьллашна юккъе д1алевчкъира уьш.
5
Суйренан шелонехь Дела беша веар. Цунна хаьара Адама а, Хьавас а динарг. Адама Хьава бехке йора. Хьавас лаьхьа бехке бора. Дала аьлла: Лаьхьан кхел йийра ю. Зудчо лазаршца бераш дийра ду. Ткъа Адаме аьлла Цо: “Хьан къа бахьанехь деригге дуьне къизаллех а, берзалойх а дуьззина хира ду. Хьаж т1ера хьацарца дуура ду ахь бепиг.”
6
Дала Адам а Хьава а бешара эккхийна. Цара къа латорна, са кхуллуш волчу Делах гена баьхна хилла уьш.
7
Дала ц1арах тур дина, уьш чу ца битархьамма. Дала Адамна Хьавана а не1арех духар дина. Стенгара даьхна цо кхекхий?
8
Заманан йохалла бераш девлла дуьненчу. Церан хьалхара к1ан Къаин бешахо хилла. Церан шолг1а к1ант Авель жа1у хилла. Цхьана дийнахь Далла т1ера саг1ийна хасстоьмаш деана. Авеля саг1ийна уггара тоьлларг уьстаг1 беана саг1ийна. Дела Авеля диначу совг1атана реза хилла.
9
Дела К1аина дина совг1атана реза ца хилла. Дала аьлла: “Ахь диканиг дахь, хьайн юьхь ц1анйийра ю ахь.”
10
К1аинан оьг1азло д1а ца ялара. Цхьа хан яьлчи, бешахь цо, т1е а кхетта, Авель вийна.
11
Дала хьаттина К1аине: “Стенгахь ву хьан ваша?” “Ца хаьа-аьшпаш боьттина К1аина-Со вешин хехо-м вац кхи?” Дала, бешахо хила аьттонах а воккхуш, к1е цхьастаг вина К1аинах.
12
К1аин Шеха д1акъастийна Дала. Цо Адаман а, Хьаван а йо1 ялийна. Цара цхьаьна бераш кхиийна. Кеста бераша а, берийн бераша а цо йина йолу шахьар д1аюьзина.
13
Х1етале Адаман а Хьаван а доьзал сиха баьржира. Оцу хенахь адамаш вайн заманахьчулла алсама бехаш бара.
14
Ша Сиф ц1е йолуш к1ант вича, Хьавас аьлла: “Дала суна Авелян метта велла Сиф”. Сиф делах тешаш стаг вара. Иза 912 ваьхна, дуккха а бераш а долуш.
15
Оцу хенахь, адамийн т1аьхьенийн чкъор хийца мел ло а, адамий 1есалла совйолуш хилла. Теххьаре а Далла дагадеана адамаш д1адаха а ерриге а акхарой а, олхазарш а. Дела дохковаьлла ша адам кхолларна. Амма цхьа адам хилла Далла везаш ...
16
Иза хилла Ноха. Нохьа олуш Сифан т1аьхье хилла иза. Иза хилла Делах тешаш а, къинойх ц1ена а.
17
Цуьнан Делаца юкъаметтиг хилла. Иштта шен кхо к1ант а 1амийна цо Далла муьт1ахь хила. Х1инца Делан Нохьн хьокъехь шекепара 1алашо хилла.
18